


Ieu aya pupuh Pucung. Ayeuna urang tembangkeun babarengan. Engké giliran saurang-saurang.



Akur jeung Batur



*Hé barudak urang kudu loba batur,
ngarah duduluran,
jauh rasa hiri dengki,
mana komo ka batur bari culika.*

*Hirup guyub babarengan reujeung batur,
ihlas tina manah,
ulah pisan sirik pidik,
henteu jail ngaganggu ka babaturan.*

*Sobat dalit sarua baé jeung dulur,
Silihpijanyaah,
daék ngahibur keur sedih,
lamun urang eukeur nandangan kasusah.*

Hayu urang ngalengkepan kalimah!

Pigawé saperti conto!

- | | | |
|---|----|-------------|
| 1. Hé barudak urang kudu loba | 1 | a. Manah |
| 2. Urang kudu jauh tina rasa hiri | 2 | b. Dengki |
| 3. Mana komo ka batur bari | 3 | c. Culika |
| 4. Hirup babarengan jeung batur. | 4 | d. Sedih |
| 5. Barang gawé kudu ihlas tina | 5 | e. Jail |
| 6. Henteu kaniaya ka babaturan. | 6 | f. Ngahibur |
| 7. Sobat dalit sarua baé jeung | 7 | g. Batur |
| 8. Sobat dalit bisa | 8 | h. Kasusah |
| 9. Daék ngahibur nu keur | 9 | i. Dulur |
| 10. Sobat dalit bisa ngahibur mun urang nandangan | 10 | j. Guyub |

Ngalengkepan Kalimah

Pék lengkepan!

- sobat dalit = babaturan deukeut
Urang kudu boga sobat dalit.
Urang kudu boga
- hiri dengki = goréng haté
Ulah sok hiri dengki ka batur téh.
Ulah sok ka batur téh.
- guyub = akur
Hirup kudu guyub jeung batur.
Hirup kudu jeung batur.
- culika = jail
Budak culika mah sok pada mikangéwa.
Budak mah sok pada mikangéwa.
- sirik pidik = dengki
Ulah sok sirik pidik mun batur boga untung téh.
Ulah sok mun batur boga untung téh.
- kaniaya = telenges
Henteu hadé sok jail kaniaya ka batur téh..
Henteu hadé sok ka batur téh.